THE POCOMOKE PAPERS

NOVANM 2026 | VOLIM 1, NIMEWO 2

Rete Enfòme – Rete Konekte



RAPÈL SOU RANMASAJ FATRA

- **Ranmasaj Gwo Atik**
  - Madi 10 novanm
- **Chanjman nan Wout yo pou Jou Aksyon de Gras ak Jou Eritaj Ameriken Natif Natal**
  - P ap gen ranmasaj 26 ak 27 novanm.
  - Y ap ranmase fatra pou wout jedi ak vandredi yo mèkredi 25 novanm.

MERI A AP FÈMEN

- Mèkredi 11 novanm 2026
- Jedi 26 novanm 2026
- Vandredi 27 novanm 2026
  - Nan ka ijans, rele 911.



AKTIVITE VIL LA K AP VINI

- **Distribisyon Manje san Desann Machin**
  Samdi 7 novanm
  10 AM | Jiskaske tout pwovizyon yo fini
  First Baptist Church Pocomoke City
- **ÈSKE OU PREPARE POU TAN FREDI?**
  17 novanm
  6 PM
  Pocomoke Community Center: Maryland Room
- **Defile Nwèl Pocomoke City**
  Lendi 30 novanm
  7 PM

REYINYON MERI A

- Majistra ak Konsèy Minisipal:
  2 novanm | 6:30 PM
- Komisyon Apèl pou Zonaj:
  4 novanm | 6:30 PM (Anile)
- Komite Anbelisman:
  18 novanm | 6:00 PM
- Planifikasyon ak Zonaj:
  19 novanm | 6:30 PM

KONTAKTE NOU

410-957-1333 ext. 102

cityofpocomoke.com

SOTI NAN BIWO MAJISTRA A | ANSANM, N AP FÈ POCOMOKE AVANSE



FÈ VWA OU TANDE!

Jou Eleksyon an se madi 3 novanm 2026. Anvan jou sa a, verifye kote biwo vòt ou ye, li enfòmasyon sou kandida yo ak kesyon ki sou bilten vòt la, epi planifye kilè ak kijan ou pral vote. Biwo vòt yo ap ouvè soti 7:00 AM rive 8:00 PM.

Pou wè lis ofisyèl kandida yo, modèl bilten vòt, enfòmasyon sou biwo vòt yo ak lòt resous elektoral, vizite:

PLIS ENFÒMASYON

Byenveni nan dezyèm edisyon The Pocomoke Papers! Mwen kontan kontinye itilize piblikasyon sa a pou kenbe rezidan nou yo enfòme sou pwogrè n ap fè ak opòtinite ki devan kominote nou an.

Youn nan pi gwo priyorite mwen toujou se fè Vil Pocomoke vin yon kote ki pi abòdab pou moun viv. Dènyèman, mwen te pwopoze Konsèy Vil la pou nou diminye plafon ogmantasyon evalyasyon Kredi Taks sou Pwopriyete Rezidans Prensipal la soti 10% pou rive 4%. Sa ap bay pwopriyetè kay ki kalifye yo plis pwoteksyon kont ogmantasyon evalyasyon pwopriyete yo. Mwen rete angaje tou pou kenbe To Taks Revni Konstan an, pou ogmantasyon nan evalyasyon pwopriyete yo pa otomatikman kreye plis revni taks sou pwopriyete pou Vil la. **Objektif final nou se diminye taks sou pwopriyete pandan n ap kontinye bay bon jan sèvis rezidan nou yo merite.**

Anplis, mwen mande Depatman Devlopman Ekonomik nou an pou revize epi mete ajou ankourajman ekonomik Vil la deja genyen yo, pandan y ap chèche nouvo fason pou diminye depans rezidan yo epi ankouraje envestisman nan kominote nou an. Nou dwe kontinye jwenn solisyon kreyatif ki fè Vil Pocomoke pi abòdab pou fanmi yo epi pi atiran pou biznis yo.

Nan dat 28 oktòb 2026, nou te fyè pou nou akeyi Richard Andrew McGee kòm nouvo Chèf Lapolis nou an. Chèf McGee te kòmanse karyè li nan lapolis isit la menm nan Vil Pocomoke. Mwen gen konfyans eksperyans ak lidèchip li ap ede nou kontinye ranfòse sekirite piblik ak relasyon nan tout kominote nou an.

Amelyorasyon enfrastrikti yo toujou rete yon priyorite. Inisyativ Safe Paths nou an kontinye avanse pandan n ap travay pou amelyore lari nan katye nou yo ak sekirite pyeton yo. Anplis, nou prevwa travay k ap fèt sou pon an ap fini nan dat 8 novanm 2026. Mwen remèsye tout moun sensèman pou pasyans yo pandan tout pwosesis sa a.

Pandan sezon fèt la ap pwoche, mwen kontan anpil pou parad Nwèl nou òganize chak ane a. Se toujou yon bèl opòtinite pou kominote nou an reyini, selebre tradisyon nou yo epi sipòte biznis lokal yo. Mwen espere wè nou ansanm ak fanmi nou yo la.

Finalman, mwen vle rezidan nou yo konnen nou pa konsantre sèlman sou sa Vil Pocomoke ye jodi a, men tou sou sa li kapab vin ye demen. Soti nan devlopman ekonomik ak sekirite piblik rive nan enfrastrikti ak pri lavi, chak desizyon nou pran dwe fè vil nou an avanse nan yon direksyon pozitif.

Gen anpil travay toujou pou nou fè, men mwen rete optimis sou lavni nou. Mèsi pou sipò nou, patisipasyon nou ak opòtinite nou ban mwen pou m sèvi kòm Majistra nou.

Ansanm, n ap bati yon Vil Pocomoke ki pi solid, pi an sekirite epi pi abòdab!

Ekri pa Majistra Todd Nock

ENVESTI NAN KOMINOTE NOU AN, SIPÒTE REZIDAN NOU YO, EPI PREPARE POU KWASANS



Anpil rezidan te mande poukisa Vil Pocomoke ajoute nouvo pòs nan Meri a. Pandan kominote nou an ap grandi, responsablite gouvènman minisipal la ap grandi tou. Planifikasyon, aplikasyon kòd yo, enfrastrikti, devlopman ekonomik, angajman kominotè ak administrasyon chak jou mande atansyon espesyal. Pòs sa yo bay sipò espesyal nan domèn enpòtan yo, ede Vil la amelyore sèvis yo, sipòte rezidan ak biznis yo, epi prepare yon fason responsab pou devlopman alavni.

PÒS YO EKSPLIKE

- Planifikatè Prensipal
- Ajan ki Fè Respekte Kòd yo
- Manadjè Operasyon Pwojè
- Direktè Devlopman Ekonomik
- Kowòdonatè Evènman ak Enstalasyon
- Kowòdonatè Sansibilizasyon Kominotè
- Asistan Administratif Manadjè Vil la

NOU EKSPLIKE PÒS SA YO NAN PAJ KI VIN APRE YO

MALGRE CHAK PÒS GEN YON OBJEKTIF DIFERAN, YO TOUT SIPÒTE MENM PRIYORITE YO:

- Bay rezidan ak biznis yo asistans ki pi byen adapte ak bezwen yo epi amelyore aksè nan sèvis Vil la.
- Planifye avèk swen pou ankouraje kwasans responsab.
- Amelyore responsabilite epi pwoteje envestisman Vil la.
- Sipòte biznis ki deja egziste yo epi ankouraje nouvo opòtinite ekonomik.
- Ranfòse patenarya kominotè epi kreye opòtinite pou rezidan yo patisipe.
- Bay Meri a kapasite pou jere responsablite chak jou pandan l ap kontinye fè pwojè enpòtan yo avanse.



KIYÈS KI FÈ KISA NAN MERI A?

DEPATMAN PLANIFIKASYON AK RESPÈ KÒD YO

Anvan sa, yon sèl anplwaye t ap dirije Depatman Planifikasyon ak Zòn Vil la. Lè pòs sa a te vin vid, Direktè Aplikasyon Kòd Vil la te pran responsablite sa yo pandan Vil la t ap evalye kijan pou l pi byen satisfè bezwen kominote a. Pandan pwosesis sa a, nou te rekonèt Vil Pocomoke te bezwen plis kapasite planifikasyon pou jere devlopman, sipòte kwasans responsab epi adrese pwoblèm ki gen rapò ak kòd yo. Pandan kominote nou an ap grandi, nou dwe asire devlopman fèt avèk bon planifikasyon epi katye nou yo rete bèl, an sekirite ak byen antreteni.

PLANIFIKATÈ PRENSIPAL

Planifikatè Prensipal la travay ansanm ak Direktè Planifikasyon an pou revize pwopozisyon devlopman, sipòte planifikasyon chak jou ak alontèm, epi idantifye opòtinite pou kwasans responsab. Sa pèmèt Vil la pi byen evalye kijan devlopman adapte ak karaktè, enfrastrikti ak bezwen kominote Pocomoke la, pandan rezidan, pwopriyetè ak devlopè yo resevwa konsèy alè.
Avantaj pou Kominote a: Sèvis planifikasyon ki pi efikas ak yon apwòch pwoaktif pou kwasans ki pwoteje karaktè Vil Pocomoke.

AJAN KI FÈ RESPEKTE KÒD YO

Ajan sa yo fè respekte òdonans Vil la sou vejetasyon, antretyen pwopriyete, nwizans ak lòt egzijans kòd yo. Korije vyolasyon yo ede pwoteje aparans katye yo, soutni sante ak sekirite piblik epi kenbe menm estanda yo nan tout Vil la.
Avantaj pou Kominote a: Katye ki pi pwòp, pi byen antreteni epi pi atiran pou rezidan, vizitè ak biznis yo. Ansanm, Planifikasyon ak Aplikasyon Kòd yo ede balanse kwasans responsab ak prezèvasyon kominote nou rele lakay nou an.

MANAJÈ OPERASYON PWOJÈ

Manadjè Operasyon Pwojè a bay sipèvizyon dirèk pou pwojè enfrastrikti minisipal ak amelyorasyon devlopè yo enstale, tankou lari, twotwa, liy dlo ak sistèm egou. Sipèvizyon regilye ede asire travay yo respekte plan ak estanda ki apwouve yo, pandan li pèmèt Vil la idantifye pwoblèm bonè epi diminye reparasyon, reta ak depans alavni. Sa pèmèt anplwaye Travo Piblik, dlo ak dlo ize yo rete konsantre sou sèvis esansyèl yo.
Avantaj pou Kominote a: Plis responsabilite, pi bon pwoteksyon pou envestisman Vil la nan enfrastrikti, ak amelyorasyon ki respekte estanda Vil la.



KIYÈS KI FÈ KISA NAN MERI A?

DEPATMAN DEVLOPMAN EKONOMIK

Depatman Devlopman Ekonomik la reyini twa wòl ki konplete youn lòt: Direktè Devlopman Ekonomik, Kowòdonatè Evènman ak Enstalasyon, ak Kowòdonatè Sansibilizasyon Kominotè. Malgre chak pòs gen responsablite pa li, yo travay ansanm pou sipòte biznis lokal yo, atire envestisman, ranfòse patenarya kominotè epi fè Vil Pocomoke vin yon pi bon kote pou viv, travay, vizite ak fè biznis.

DIREKTÈ DEVLOPMAN EKONOMIK

Direktè Devlopman Ekonomik la sipòte biznis ki deja egziste yo, ede moun ki vle louvri biznis, idantifye opòtinite sibvansyon epi devlope estrateji pou atire nouvo biznis ak rezidan nan Vil Pocomoke. Sa gen ladan konekte biznis yo ak resous ak finansman ki disponib, ankouraje aktivite ekonomik lokal epi pousuiv inisyativ ki ankouraje envestisman ak ranfòse ekonomi Vil la.
Avantaj pou Kominote a: Plis sipò pou biznis lokal yo, plis opòtinite pou devlopman biznis, pi bon aksè nan resous sibvansyon, ak efò kontinyèl pou ogmante opòtinite ekonomik ak baz taks Vil Pocomoke.

KOWÒDONATÈ EVÈNMAN AK ENSTALASYON

Kowòdonatè Evènman ak Enstalasyon an òganize evènman Vil la pandan tout ane a epi ede sipèvize itilizasyon ak antretyen espas piblik yo, tankou Cypress Park ak Horse Stables. Evènman kominotè yo rasanble rezidan yo, kreye aktivite pou fanmi lokal yo, atire vizitè epi ankouraje depans nan kominote a. Sipèvizyon enstalasyon Vil la ede asire espas piblik sa yo rete akeyan epi disponib pou rezidan ak vizitè yo.
Avantaj pou Kominote a: Plis opòtinite pou patisipasyon kominotè, pi bon itilizasyon ak antretyen enstalasyon piblik yo, ak evènman ki sipòte biznis lokal yo pandan y ap mete Vil Pocomoke an valè.

KOWÒDONATÈ SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ

Kowòdonatè Sansibilizasyon Kominotè a devlope relasyon ak legliz, lekòl, òganizasyon san bi likratif, gwoup sivik ak lòt patnè kominotè pou idantifye bezwen epi kreye opòtinite pou kolaborasyon. Pòs sa a kenbe koneksyon ant Meri a ak moun k ap kontribye nan kominote a, pandan li eksplore inisyativ rezidan yo apresye, tankou efò pou retabli aktivite tankou yon mache kiltivatè.
Avantaj pou Kominote a: Patenarya ki pi solid, pi bon kominikasyon, plis kolaborasyon, ak pwogram ki reponn ak enterè ak bezwen rezidan yo. Ansanm, Depatman Devlopman Ekonomik la sipòte devlopman biznis, touris, evènman, patisipasyon kominotè ak amelyorasyon kontinyèl Vil Pocomoke.



KIYÈS KI FÈ KISA NAN MERI A? — KONTINYE

ASISTAN ADMINISTRATIF MANAJÈ VIL LA

Asistan Administratif la bay Manadjè Vil la sipò dirèk epi ede jere aktivite chak jou nan Biwo Manadjè Vil la. Pòs sa a òganize aktivite, jere travay administratif, kowòdone enfòmasyon epi ede idantifye kesyon ki bezwen atansyon imedya Manadjè Vil la. Sipò sa a pèmèt Manadjè Vil la konsantre sou sipèvizyon depatman yo, gwo pwojè, enkyetid rezidan yo, operasyon Vil la ak priyorite Majistra a ak Konsèy la etabli.

Avantaj pou Kominote a: Pi bon efikasite administratif, kominikasyon ki pi byen òganize, pi bon kowòdinasyon aktivite Vil la, ak atansyon apwopriye sou kesyon minisipal enpòtan yo.

ANGAJMAN NOU ANVÈ VIL POCOMOKE

Pòs sa yo pa te kreye sèlman pou ogmante kantite anplwaye yo. Yo montre Vil la rekonèt bezwen Vil Pocomoke yo ap ogmante epi nou dwe gen pèsonèl apwopriye pou reponn ak bezwen sa yo yon fason efikas.

Vil Pocomoke se yon kominote espesyal ki gen yon istwa rich ak anpil opòtinite pou lavni. Preparasyon pou lavni sa a mande planifikasyon, kowòdinasyon, envestisman ak bon moun nan bon wòl yo. Responsablite nou se asire gouvènman Vil la kontinye satisfè bezwen moun li sèvi yo.

Pòs sa yo fè pati angajman sa a—bay pi bon sèvis jodi a pandan n ap bati yon Vil Pocomoke ki pi solid ak pi dinamik pou demen.

PÒS DIFERAN K AP SIPÒTE MENM OBJEKTIF YO

- **Pi bon sèvis:** Bay rezidan ak biznis yo asistans ki pi byen adapte ak bezwen yo epi amelyore aksè nan sèvis Vil la.
- **Kwasans responsab:** Asire devlopman fèt avèk bon planifikasyon epi amelyorasyon enfrastrikti yo resevwa sipèvizyon apwopriye.
- **Responsabilite:** Idantifye pwoblèm bonè, fè respekte estanda yo epi pwoteje envestisman Vil la.
- **Opòtinite ekonomik:** Sipòte biznis ki deja egziste yo, ankouraje nouvo envestisman epi chèche resous ki benefisye kominote a.
- **Angajman kominotè:** Ranfòse patenarya yo, sipòte evènman epi kreye plis opòtinite pou rezidan yo patisipe nan lavi kominote a.
- **Gouvènman efikas:** Asire Meri a kapab jere responsablite chak jou pandan l ap kontinye fè pwojè enpòtan yo avanse.

Ekri pa Brandy Matthews, Manadjè Vil la

FYÈTE POCOMOKE

Fyète Pocomoke selebre moun, òganizasyon ak reyalizasyon ki rann kominote nou an pi solid. Chak mwa, nou onore moun ki reprezante sa ki pi bon nan Pocomoke City grasa sèvis yo, devouman yo ak kontribisyon yo.



Nan okazyon Jou Veteran yo, Pocomoke City rann omaj a gason ak fanm ki te sèvi nan Fòs Lame Etazini. Kouraj yo, angajman yo ak sakrifis yo ede pwoteje libète nou jwi yo.
Nou eksprime rekonesans sensè nou anvè chak veteran ak fanmi ki te sipòte yo pandan sèvis yo. Mèsi dèske nou te reponn apèl devwa a epi dèske nou kontinye kontribye nan kominote nou an.

NOMINASYON POU FYÈTE POCOMOKE



Èske ou konnen yon òganizasyon oswa yon gwoup kominotè k ap fè yon travay remakab? Ede nou rekonèt moun ak gwoup ki reprezante sa ki pi bon nan Pocomoke. Voye non òganizasyon an, non ou ak enfòmasyon pou kontakte ou, foto, ak yon ti eksplikasyon sou rezon ki fè li merite jwenn rekonesans. Nou dwe resevwa nominasyon yo anvan 15 chak mwa pou nou ka konsidere yo pou seksyon Fyète Pocomoke mwa ki vin apre a.
Amanda Russell
arussell@pocomokemd.gov



LEKÒL POCOMOKE YO AP BRIYE

Lekòl Pocomoke yo bay kominote nou an plis rezon toujou pou selebre. Pocomoke Elementary School resevwa yon evalyasyon senk etwal sou Kanè Lekòl Maryland la, yon reyalizasyon ki montre travay di elèv yo, devouman anplwaye yo ak sipò kontinyèl fanmi yo. Pocomoke Middle resevwa kat etwal, pandan Pocomoke High resevwa senk etwal, klase 12yèm nan tout eta a epi rive jwenn yon pousantaj gradyasyon 98%.

Rezilta evalyasyon prentan 2026 yo te pote plis bon nouvèl. Pami elèv twazyèm ane nan Pocomoke Elementary, 80% te demontre konpetans nan Lang ak Literati Anglè, konpare ak 50.4% nan tout eta a, pandan 85.7% te demontre konpetans nan matematik, konpare ak 42.6% nan tout eta a. Reyalizasyon sa yo ban nou yon lòt rezon pou nou fyè de Pocomoke.

DEPLASE NAN POCOMOKE



Pon mobil Rivyè Pocomoke

DEZYÈM FAZ CHEMEN AN SEKIRITE YO KÒMANSE NAN NOVANM

Yo prevwa dezyèm faz Inisyativ Chemen an Sekirite Majistra a ap kòmanse nan mwa novanm, si kondisyon metewolojik yo pèmèt sa. Travay yo planifye sou Snow Hill Lane, Payne Avenue, Dorchester Avenue ak Somerset Avenue. Y ap pataje plis enfòmasyon sou orè a ak fason travay la ka afekte rezidan yo lè enfòmasyon sa yo disponib.

RAPÈL SOU FÈMTI PON AN

Kounye a, yo prevwa pon mobil Rivyè Pocomoke la ap rete fèmen jiska 8 novanm. Dat sa a ka chanje selon orè pwojè a. Chofè yo dwe kontinye swiv detou ki make a sou MD 364, US 13, MD 250A ak US 13 Business. Pou kesyon oswa enkyetid konsènan fèmti a, kontakte Administrasyon Otowout Eta Maryland.

PWOJÈ LIMYÈ SIKILASYON NAN US 13 AK STOCKTON ROAD

Administrasyon Otowout Eta Maryland ap kontinye fè amelyorasyon nan kafou US 13 ak Stockton Road. Pwojè a pral ranplase limyè k ap flache yo avèk yon limyè sikilasyon konplè. Li pral ajoute tou nouvo pano, mak sou wout la ak limyè avètisman alavans. Yo prevwa travay la fini anvan fen 2026, si kondisyon metewolojik yo pèmèt sa.

PWOBLÈM AK YON LARI OSWA TWOTWA?

LARI AK TWOTWA VIL LA

Pou rapòte pwoblèm ak lari oswa twotwa ki sou responsablite Vil la, twou nan lari oswa drenaj, kontakte Depatman Travo Piblik Pocomoke City nan 410-957-0107 oswa voye yon imèl bay reportconcerns@pocomokemd.gov.

WOUT ETA YO


US 13, US 13 Business, MD 366/Stockton Road ak pon mobil la se Administrasyon Otowout Eta Maryland ki antreteni yo. Kontakte Distri 1 nan 410-677-4000.

RETE ENFÒME

Orè konstriksyon yo ka chanje akòz move tan ak kondisyon pwojè a. Swiv anons Vil la sou cityofpocomoke.com/news ak @Pocomoke pou jwenn dènye nouvèl yo.

ANFAZ SOU ENVESTISMAN NAN KOMINOTE A

@pocomoke



ENVESTI NAN YON SENBÒL SANT VIL LA: AMELYORASYON NAN MAR-VA THEATER

Kòm yon manm “Aspiring” nan pwogram Main Street Maryland, Vil Pocomoke te resevwa yon sibvansyon $10,000 pou amelyorasyon Main Street nan men Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Maryland. Lajan sa yo sipòte efò pou anbeli ak revitalize zòn sant vil la.

Vil la te bay istorik MAR-VA Theater finansman an pou amelyore pano prensipal li, mete nouvo siy epi ajoute penti mural deyò ki mete fasad istorik li an valè.

Amelyorasyon sa yo pral ede prezève karaktè espesyal teyat la pandan y ap kontribye nan efò kontinyèl pou revitalize ak anbeli sant vil Pocomoke City.

Vil la rekonesan pou envestisman sa a ak pou patenarya kontinyèl k ap soutni sant vil la ak tout kominote nou an.



ATIS NOU AP METE AN VALÈ: Olga DeShields

Olga DeShields, yon atis lokal ki fè penti mural ak atizay piblik, te kreye travay atistik ki sou deyò istorik MAR-VA Theater la. Yo konnen Olga pou penti mural ki gen anpil koulè, siy li pentire alamen ak travay restorasyon istorik li. Ou ka wè kreyativite li tou sou fenèt li pentire toupatou nan Pocomoke City. Travay li pote koulè nan kominote nou an pandan li ede biznis ak lokal istorik yo rakonte istwa pa yo.



ANFAZ SOU BIZNIS AK DEVLOPMAN

Nou mete moun ak pwojè k ap fòme Pocomoke an valè.



SELEBRE SEZON AN NAN THE CHRISTMAS SWEET

The Christmas Sweet se yon boulanjri ki ofri sèvis konplè ansanm ak yon gwo koleksyon dekorasyon Nwèl pandan tout ane a. Koleksyon an gen ladan figi Santa, zanj, nutcrackers, luten, dekorasyon pou pyebwa ak kado. Vizite Christmas Extravaganza magazen an **20 ak 21 novanm**, soti **8:00 a.m. rive 6:00 p.m.** Santa ap vizite tou **28 novanm**, soti **10:00 a.m. rive 1:00 p.m.**, epi antre gratis. The Christmas Sweet nòmalman ouvè soti mèkredi rive samdi, ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m. Jwenn plis enfòmasyon sou ChristmasSweet.store.

FÈ ACHA POU FÈT YO NAN ENCHANTED FLORIST & GIFTS

Selebre sezon an nan Enchanted Florist & Gifts! Achte flè, kado, rad, dekorasyon pou kay ak pwodwi sezon fèt pandan w ap sipòte yon biznis lokal nan Pocomoke City.

JOUNEN PÒT OUVÈ POU NWÈL
Vandredi 13 novanm | 9:00 a.m.–5:00 p.m.
Samdi 14 novanm | 9:00 a.m.–4:00 p.m.

Gen chans genyen prim, pwofite rabè espesyal epi jwenn anpil enspirasyon pou fèt yo. Enchanted Florist ap ofri rabè tou pou **Small Business Saturday, 28 novanm.**





FESTIVAL ATIZAY AK ATIZANA NWÈL

Kòmanse sezon fèt la nan pi gwo Festival Atizay ak Atizana Nwèl Pocomoke Area Chamber of Commerce la te janm òganize! Plis pase 40 machann pral ranpli Pocomoke Community Center ak atizana fèt alamen, kado espesyal, ti manje sezon fèt ak anpil kè kontan pou Nwèl.
Vizitè yo ka jwi mizik Nwèl, chans genyen kado chak 30 minit, manje ak bwason nan zòn konsesyon an, ansanm ak yon espas gratis kote timoun yo ka kolore. **Santa ap la tou soti 11:00 a.m. rive 1:00 p.m.**

Samdi 7 novanm
9 a.m.–3 p.m.
Pocomoke Community Center
1410 Market Street

Antre a se $5 pou chak moun. Timoun 12 an oswa pi piti antre gratis, epi okenn fanmi p ap peye plis pase $20. Gen anpil espas pou pakin, epi evènman an aksesib pou moun ki sèvi ak chèz woulant.

ESPONNSÒ ANTREPRIZ POU 2026: Hickman Heating • Plumbing • Air Conditioning, Inc





SAMARITAN SHELTER:

EDE VWAZEN NOU YO AVANSE

Pandan tan frèt ak sezon fèt la ap pwoche, Samaritan Shelter kontinye bay moun nan tout kominote nou an manje, lojman ak sipò.

Fonksyone 24 sou 24, 365 jou pa ane, mande plis pase bay yon kabann. Anplwaye yo sèvi twa repa chak jou, kenbe yon espas ki an sekirite ak akeyan, reponn bezwen rezidan yo epi ede yo travay pou jwenn estabilite ak endepandans.

Anplis sa moun wè chak jou, abri a ede rezidan yo chèche travay ak benefis, jwenn dokiman idantifikasyon, òganize transpò epi konekte ak lojman, swen medikal, konsèy, tretman pou adiksyon, sèvis pou veteran ak lòt resous kominotè.

Vil Pocomoke te fèk bay yon don $10,000 pou sipòte travay sa a. Dapre Direktè Shelly Wise, finansman sa a enpòtan anpil paske kèk sous finansman tradisyonèl pa disponib ankò. Lajan an pral ede peye depans esansyèl tankou sèvis piblik, manje, pwodwi pou kay, antretyen, reparasyon, asistans transpò ak sèvis sipò.

“Yon bagay mwen ta renmen plis moun konprann se nenpòt moun ka vin san kay pou anpil rezon diferan,” Wise te di. “Moun nou sèvi yo fè pati kominote nou an. Yo se vwazen nou, epi yo merite yon chans pou yo retounen kanpe sou de pye yo.”

Pandan tanperati yo ap bese, abri a prevwa yon pi gwo bezwen pou:

- Manto, dra cho ak gan
- Pwodwi papye
- Manje pou midi
- Pwodwi ijyèn pèsonèl

Moun nan kominote a kapab ede tou avèk don lajan, volontarya, ranmase lajan epi pataje enfòmasyon sou travay abri a. Ou ka pote don yo nan Samaritan Shelter, 814 Fourth Street. Pou kesyon sou don, rele 443-944-3889 oswa 410-957-4310.

Pou fè yon don sou entènèt, ranpli yon fòm volontarya oswa jwenn plis enfòmasyon, vizite thesamaritanshelter.org.

SANTE AK BYENNÈT NAN NOVANM

MWA SANSIBILIZASYON SOU DYABÈT

Predyabèt ka devlope san sentòm ki fasil pou remake epi li ogmante risk pou dyabèt tip 2, maladi kè ak konjesyon serebral. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou tès sik nan san, sitou si ou gen 35 an oswa plis, tansyon wo, ou pa fè aktivite fizik regilyèman oswa gen moun nan fanmi ou ki gen dyabèt.

GWOUP SIPÒ GRATIS POU DYABÈT
Jedi 19 novanm
11:00 a.m.–12:00 p.m.
Pocomoke 50+ Center

RESOUS DEPATMAN SANTE

Gwoup la ouvè pou moun k ap viv ak dyabèt ak moun k ap pran swen yo. Rankontre lòt moun, pataje estrateji, jwenn lide pou repa epi aprann fason pou rete an sante ak aktif. Pou enfòmasyon, rele 410-632-1100, ekst. 1113, oswa eskane kòd QR la.

ÈSKE OU PREPARE POU TAN FREDI?

Tan ivè ak lòt ijans ka koupe kouran ak dlo, deranje transpò epi limite aksè nan magazen. Kenbe pwovizyon esansyèl pou plizyè jou kapab ede kay ou rete an sekirite ak alèz.

Mete ladan:



- Dlo ak manje ki pa gate fasil
- Medikaman ak materyèl premye swen
- Flach, yon radyo ak pil anplis
- Chajè telefòn ak dokiman enpòtan
- Pwovizyon pou timoun, granmoun aje, moun ki gen andikap ak bèt kay

ATELYE GRATIS POU PREPARASYON KOMINOTÈ
17 novanm | 6:00 p.m.
Pocomoke Community Center: Maryland Room

Aprann kijan pou prepare kay ou anvan yon ijans rive. Vil Pocomoke ap pataje plis enfòmasyon.
Gade lis konplè a sou Ready.gov/kit.



TOUJOU GEN YON BAGAY K AP PASE NAN POCOMOKE!

POU TIMOUN YO

3 NOV. | 10:30 AM
Lè pou Jwe nan Pak la
Cypress Park

4 NOV. | 4 PM
Ai Quest
Pocomoke Library

10 NOV. | 10:30 AM
Lè Kont: DiNovember
Pocomoke Library

11 AK 25 NOV. | 10 AM
Lè Kont: Ann Di Mèsi
Delmarva Discovery Museum

17 NOV. | 10:30 AM
Ajil ak Jwèt
Pocomoke Library

17 NOV. | 4 PM
Klib Liv pou Nouvo Lektè: Sir Ladybug
Pocomoke Library

24 NOV. | 10:30 AM
Lè Kont: Istwa Kodenn
Pocomoke Library

28 NOV. | 10 AM–1 PM
Vizit Santa
The Christmas Sweet

SANTE AK BYENNÈT

DIMANCH | 1 PM
Yoga ak Byè
Cypress Roots Brewing Co.

12 NOV. | 2 PM
Vinèg ak Remèd Fèy
Pocomoke Library

19 NOV. | 11 AM
Gwoup Sipò pou Dyabèt
Pocomoke 50Plus

SWIV NOU SOU FACEBOOK
EVENTS IN POCOMOKE CITY

ATIZAY AK DIVÈTISMAN

4 AK 18 NOV. | 6 PM
Feral Fibers: Sware Trikote
Cypress Roots Brewing Co.

5 NOV. | 2 PM
Klib Liv Pocomoke: Frozen River
Pocomoke Library

6 AK 7 NOV. | 7 PM
7 AK 8 NOV. | 2 PM
Espektak Teyat Cinderella
The Mar-Va Theatre

7 NOV. | 9 AM
Festival Atizay ak Atizana Nwèl
Pocomoke Community Center

7 NOV. | 1 PM
Klas Vitrail pou Debitan/Nivo Entèmedyè
Wulfhause Productions

8 NOV. | 2 PM
Flokon Nèj an Vitrail
Cypress Moon Art Studios

11 AK 25 NOV. | 6 PM
Sèk Koud
Cypress Moon Art Studios

13 NOV. | 9 AM–5 PM
14 NOV. | 9 AM–4 PM
Pòt Ouvè Nwèl
The Enchanted Florist

13 NOV. | 6:30 PM
Bingo Valiz ak Pri Lajan Kach
The Great Pocomoke Fair

14 AK 15 NOV. | 11 AM
Pow Wow Sisters of the Heart
The Great Pocomoke Fair

14 NOV. | 11 AM–4 PM
Atravè Je Pèp Endijèn yo
Delmarva Discovery Museum

15 NOV. | 5 PM
Sware Jwèt nan Estidyo a
Cypress Moon Art Studios

20 AK 21 NOV. | 8 AM–6 PM
Christmas Extravaganza
The Christmas Sweet

28 NOV. | 11 AM–4 PM
Achte pou yon Bon Kòz
Delmarva Discovery Museum

PLIS BAGAY POU DEKOUVRI

19 NOV. | 11 AM
Zwazo ak Bagels
Pocomoke Library

21 NOV. | 1 PM
Ann Jwe ak Grenn – Atizana Manjwa Zwazo ak Kòn Pen
Delmarva Discovery Museum

OU GEN YON AKTIVITE K AP VINI NAN POCOMOKE CITY?
Voye detay yo bay arussell@pocomokemd.gov anvan 20 chak mwa. Eskane kòd la pou wè kalandriye kominotè konplè ki ajou.

K AP VINI NAN MWA NOVANM: POCOPOD

YON PODKAS VIL POCOMOKE

Vil ou. Istwa ou. Vwa ou.

1. **SA K AP PASE NAN MERI A**

   Jwenn enfòmasyon klè epi fasil pou konprann sou pwojè, sèvis ak desizyon Vil la.

2. **KONVÈSASYON AK KOMINOTE A**

   Tande rezidan, òganizasyon ak lidè lokal k ap sèvi Vil Pocomoke.

3. **BIZNIS AK OPÒTINITE**

   Rankontre pwopriyetè biznis lokal yo epi aprann plis sou pwogram, resous ak opòtinite yo.

4. **EVÈNMAN AK ISTWA LOKAL**

   Dekouvri sa k ap pase nan vil la epi selebre istwa ki fè Pocomoke fyè.



PREMYE EPIZÒD LA AP RIVE NAN MWA NOVANM

Swiv Vil Pocomoke sou Facebook pou jwenn detay sou lansman an ak enfòmasyon sou ki kote ou ka koute li.



@CityofPocomokeCity

www.cityofpocomoke.com

410-957-1333